


# Bon Nouvèl



*Jounal pou moun ki renmen lang manman yo*

42° ane \* n° 459 \* Mas 2009

Pri jounal la : 10 goud

*Tifàn plis Belo, de anbasadè ke ap plede koz andikape yo*



- 2 Avangou : Bon Nouvèl sou entènèt.
- 3 Koze mande chèz : Nouvèl kout.  
KEP la bay Kanè! Vennsèt kandida pa fè mwayèn.
- 5 Ti refleksyon sou Ayiti : Rève yon Ayiti òganize.
- 6 Ki moun ou ye : Sesilya Nikanò.
- 7 Dosye 1 : Kasavri Gran Savann/Monben Kwochi.
- 8 Dosye 2 : Manifestasyon vyolan nan plizyè vil peyi a.
- 10 Paj pou jèn yo :  
-Yon lanmen rate nan vil Zirik, minisLeskouflè reyaji.  
-Klak(Clac), yon sant kiltirèl pou jèn nan Kabare.
- 11 Tifàn plis Belo, de anbasadè pou plede koz andikape yo.
- 12 Kèvens Prevaris, yon maryaj penti ak angajman sosyal.
- 12 Festival entènasyonal Djaz, yon randevou mizik anplis nan peyi d Ayiti.
- 13 Paj fanatik: Yon bon fanm.
- 14 Pawòl Bondye : Bondye ban nou misyon pou nou pran swen tè a.
- 16 Blag ak Mo kwaze.

Fanatik Bon Nouvèl yo bonjou,

**Bon Nouvèl sou entènèt.** Depi 1 mas nou kapab jwenn tout kalite enfòmasyon sou pwojè Bon Nouvèl la sou entènèt. Pou n ka jwenn li n ap vizite [www.bonnouvel.org](http://www.bonnouvel.org). Nan paj wèb sa yo nou prezante pwojè Bon Nouvèl la ak tout branch ki ladann yo. N a kapab jwenn dènye nimewo ki sòti yo depi nimewo desanm 2008 la tou.

Paj wèb sa yo va kapab sèvi kòm zouti pou n kreye yon bon relasyon zanmi ak fanatik Bon Nouvèl yo ki an Ayiti tankou sa ki nan dyaspora a. N ap byen kontan resevwa reyaksyon nou. Fè nou konnen kijan nou wè prezantasyona an, kisa ki bon ladann ak kisa ki manke dapre nou menm.



Mwa sa a n ap mennen fanatik yo al vizite yon ti kote ant Monben Kwochi ak Bwalorens, ki rele Gran Savann, kote yon bèl eksperyans ap fèt pou fè kasav, yon fason ki kapab ede fanmi yo ak ekonomi yo.

Eleksyon pou renouvle yon tyè nan senatè yo vanse rive sou nou. Plis yo vin pre plis lafyèv dezòd ak magouy vle monte. N ap jwenn yon bon jan analiz sou kesyon eleksyon sa yo, kote KEP la ekate kandida lavalas yo.

Nan paj pou jèn yo n ap fè konesans ak Tifàn epi Belo, anbasadè nan koz andikape yo epi ak Kèvens Prevaris, yon atis pent natifnatal.

Kòm 8 mas se jounen mondyal medam yo, Bon Nouvèl swete yo yon bòn fèt. Ansanm ak Djonpsonn Depre n ap fè yon bèl ochan pou yo.



Pè Jan Out, Dirèk

### KEP la bay Kanè! Vennsèt kandida pa fè mwayèn

*Pami 105 kandida ki te depoze pyès pou y al patisipe nan eleksyon 19 avril 2009 yo, pou 12 chèz vid ki gen nan Sena a, konsèy elèktoral pwovizwa a (KEP), te bay katon wouj pou yon premye fwa ak yon karantèn pami yo gen 16 pou fanmi lavalas, pati ansyen prezidan Jan Bètran Aristid la. Lòt 65 yo te jwenn benediksyon konsèy la. Men 16 fevriye pase a gen 13 kandida avèk mwayèn yo pa t twò fèb, KEP la repeche men sanble mwayèn kandida Fanmi lavalas yo toujou twò fèb. KEP la remèt yo bay paran yo. Konsa vin gen 78 kandida k ap patisipe nan eleksyon an.*

Selon esplikasyon reskonsab nan KEP la bay, kandida ki pran kanè yo pa reponn ak egzijans atik 44, 93 epi 94 lwa elektoral jiyè 2009 yo. Atik 93 ak 94 la trete kesyon deklarasyon kandidati yo, pyès pou yo remèt pou konsidere ka yo. Atik 44 la, li ekri: «Pou yon moun vin jwenn yon pòs nan gran kò a, fòk li te rete pandan anviwon 4 lane nan depatman li vle reprezante a anvan dat eleksyon yo».

#### Lavalas deyò!

Nan lis ofisyèl KEP la te mete deyò ni nan dat 5 fevriye ni nan dat 16 fevriye pase a, pa gen non yon kandida Lavalas ki parèt. Se kòm si yon kanè

“remizasè paran” aparèy elektoral la bay ak tout 16 kandida ki te enskri anba banyè pati sila ki te divize an de gwoup.

Premye gwoup la gen nan tèt li Senatè Woudi Erivo (Rudy Hérivaux) ak Doktè Mariz Nasis (Dr Maryse Narcisse) ki di, pandan reprezantan nasyonal pati a, Jan Bètran Aristid, nan kanpe lwen depi 5 lane, se yo ki gen kontwòl òganizasyon politik la. Se menm pawòl la bò kote lòt branch la ki gen kòm dirijan ansyen premye minis Ivon Neptin (Yvon Neptune) ak ansyen depite Iv Kristalen (Yves Christallin).

Selon enfòmasyon ki soti nan koulwa KEP la, okenn nan de branch yo pa t ka bay pyès ki montre se yo k ap mennen bak pati lavalas la, alòske selon estati pati a, se reprezantan nasyonal la ki gen pouvwa pou chwazi kandida yo. Nan sans sa a, machin elektoral la tranche kesyon an.

#### Kominote entènasyonal la mande pou yo mete Fanmi lavalas nan kous la

Desizyon KEP la pran pou mete Fanmi Lavalas sou kote nan eleksyon an leve yon pakèt reyaksyon nan kominote entènasyonal la. Nan yon nòt pou laprès misyon nasyon zini pou estabilize peyi d Ayiti (Minustah) mete deyò

jounen lendi 9 fevriye a, li di “Nou pran nòt sou lis ofisyèl aparèy elektoral la nan dat 6 fevriye pase a”. Li pwofite, nan menm kominike pou laprès la, souliye nesesite pou KEP la itilize machin nan nan yon sans pou òganize eleksyon demokratik, transparan ak san fòs kote. Nòt la kontinye di toujou : «Pi bon fason KEP la ka reyalize eleksyon ki onèt ak kredib, se jwenn yon fason k ap pèmèt tout kouran politik bay opinyon yo libelibè. Lè sa a, p ap gen twòp kontestasyon nan rezilta yo». Misyon Loni an kwè se sèl fason k ap pèmèt Ayiti avanse sou wout pwogrè ak estabilite sosyal.

Yon ti tan anvan misyon Loni an, Òganizasyon Eta nan Amerik yo (OEA), pa t kache endiyasyon li devan lis KEP la mete deyò, kote l decide mete pati politik ansyen prezidan Jan Bètran Aristid deyò nan kous elektoral la. Sekretè jeneral OEA a, Ose Migèl Ensoulza (Jose Miguel Insulza) mande pou KEP la pwolonje peryòd enskripsyon an pou yo ka pèmèt kandida yo mete devwa yo pwòp pou al patisipe nan eleksyon 2009 la.

Se menm deklarasyon yo tou bò kote anbasad Etazini ak Kanada ki envite aktè yo fè dyalòg pou yo ka jwenn yon solisyon k ap bon pou KEP la ak pati politik li mete deyò yo.

**27 JANVYE:** Gadkot ameriken te mennen anviwon 240 ayisyen ki t ap tante sove sou lanmè bay marin ayisyèn yo nan Bizoton (yon zòn ki nan komin Kafou). Depi nan kòmansman mwa janvye a gen pou pi piti 700 ayisyen yo kenbe sou lanmè a pou yo pimpe yo tounen pa bò isit.

**2 FEVRIYE :** Peyi Chili, Brezil, Ajantin ak Meksik siyen yon akò avèk Ayiti, pou yo kapab ranfòse kapasite PNH la nan palè nasyonal. Peyi sa yo angaje yo pou yo bay polis nasyonal plis ankadreman ak ekipman. Premye minis la, madanm Divivye fè konnen se yon akò ki enpòtan anpil pou peyi a.

**4 FEVRIYE:** Gen yon nouvo anbasadè dominiken an Ayiti selon jounal dominiken “Listin Diario”. Prezidan dominiken an te chwazi Sosyològ Wouben Silye (Ruben Silie) pou ranplase Ose Sewoule Ramiya (Jose Serulle Ramia ki te deja gen plis pase 3 lane nan pòs sa a.

## Koze mande chèz

### Reyaksyon pa bò lakay

Anpil aktè politik leve vwa yo pou yo denonse desizyon KEP la pran pou bay tout kanè sa yo. Patizan Fanmi l Lavalas yo te chofe beton an jounen samedì 7 fevriye a pou KEP la te ka tounen mete lavalas nan konpetisyon an, kote yo t ap di sou tout wout la: «Pa gen eleksyon san Fanmi lavalas». Nan deklarasyon l fè, Doktè Mariz Nasis ki mete tèt li kòm reskonsab youn nan gwoup lavalas yo, rele sa KEP la fè a «Yon kont mal taye sou do Lavalas». Li fè konnen gen yon kabinè avoka k ap travay sou dosye a pou foute la jistis nan koze a.

Lè yo poze l kesyon sou desizyon aparèy elektoral la, prezidan KEP la Frans G. Vèrèt (Frantz G. Verret) fè konnen Lavalas pa t genyen bon papye ki fè li pa sou lis ofisyèl la.

Bò kote pa li, lidè Fwon Rezistans Nasyonal la (FRN), Gi Filip di li sezi wè KEP la mete l deyò nan kous elektoral la. Selon Gi Filip «Desizyon konsèy elektoral la pa chita sou la lwa. Se yon desizyon politik »

### Lis kandida KEP la mete sou kote yo

Pami kandida lavalas ki pran kanè yo, nou jwenn : Pou depatman lwès : Chilè Lwidò (Schiller Loudior), Felito Doran

(Phélito Doran) ; pou depatman Nò a : Nawoun Maselis (Nawoon Marcellus), Anjlo Bèl (Angelot Bell) ; pou Nòdès la: Frisjeral Wozfò (Fritz Gérald Rozefort), Eteya Dòsen (Ethéart Dorsaint), Masyal Chena Pyè (Martial Chena Pierre) ; pou Nòdwès la: Diwozo Flobè (Duroseau Flaubert), Pou Nip: Sèj Dèlva Gaspa (Serge Delva Gaspard) ; pou Latibonit: Bili Rasin (Billy Racine), Amanis Mayèt (Amanus Mayette) ; pou depatman Sant la: Simon Dyesèl (Simon Dieuseul Desras); Pou Grandans: Lwi Jeral Jil (Louis Gérald Gilles), Lawous Pleto (Larousse Pléteau) ; Pou Sidès la: Preslè Pòl (Presler Paul ) ak pou Sid la: Jak Matelye (Jacques Mathelier).

### Kandida lòt pati ki pran kanè yo

Nou jwenn, nan lòt pati ki pran kanè yo: Fris Revanj (Fritz Revange), Grandans/Inyon; Iv Derizye (Yves Dérisier) Sidès/Fizyon); Dèlva Sovè (Delva Sauveur), Sant/MIRN); Pòl Pyè Delatou (Paul Pierre Delatour) Lwès/Endepandan); Jan Liknè Pyè (Jean Luckner Pierre) Lwès/Endepandan); Polen Florestal (Paulin Florestal) (Nòdès/Endepandans), Joslèm Privè (Jocelerme Privert) Nip/Endepandan; Kalis Andre (Calixte

André) (Lwès/Frontciph); Jefra Franss (Geffrard Frantz) Latibonit/PEP); Livens Gèrye (Luvens Guerrier) Latibonit/FRN), Gi Filip (Guy Philippe) (Grandans/FRN); Obedye Egzil (Obedier Exile) (Alah/Sid) ak David Cheri (David Chéry) (Lwès/Alah), Men non kandida ki repeche yo : nan depatman Lwès, nou jwenn Wonal Senjan (Ronald Saint-Jean) endepandan, Jan Renòl Janpyè (Jean Rénoold Jean-Pierre) MIRN, Ens Edwa Lavanti (Ernts Edouard Laventure) /LAAA, Jilyo Dòsen (Julio Dorsaint) Endepandan.

Nan Latibonit gen Likner Dezi (Luckner Desir) Inyon ak Anik Franswa Jozèf (Anick François Joseph) OPL ki tounen nan kous la. Nou jwenn tou sou menm lanse a, Bin Senjak (Bin Saint-Jacques) ak Janrene Janpyè (Jean René Jean-Pierre) nan Nòdès, Palmira Jak Jano (Palmira Jacques Jeannot) ak Anri Dezamou (Anne Desamours) nan Nòdwès.



Arete prezidansyèl 7 janvyè 2009 la envite popilasyon an pran wout biwo vòt yo pou eli 12 senatè nan 10 depatman jewografik peyi a. ■

*Ladenson Flerival*

**4 FEVRIYE:** Vis minis chilyen an, madam Javyera Blanco (Javiera Blanco) te vizite peyi a. Nan diskou li te bay li fe konnen Minista a (MINUSTHA) ap kòmanse rale kò yo nan peyi a nan lane 2011. Madam nan fè konnen tou li rekonèt minista jwe yon gwo wòl nan sekirite peyi a, epi li mande pou genyen plis polis nasyonal.

**5 FEVRIYE:** Chanm depite a vote yon lwa ki di pi piti kòb yon moun ta dwe touche nan yon

jounen se 200 goud. Depite Petyonvil la Estivenn Benwa ki mèt pwopozisyon sa te kriye vikwa epi li di, li konte sou Senatè yo pou yo vote l tou. Yon lwa ki te fè 3 lane nan tiwa ap pran pousyè.

**10 FEVRIYE:** 8 mwa apre asasina komèsan ayisyen, mesye Wobliyen Mezadye (Roblien Mésadieu) nan Repiblik Dominikèn nan, tribinal Azouwa (Azua) jije chofè komèsan an, mesye Osiris Mendèz Sanchèz (Osiris Mendez Sanchez), epi yo

jwenn li koupab. Tribinal la kondane l pou l pase dizan nan prizon epi li gen pou l peye yon milyon peso.

(Sous: GARR)

**15-16 FEVRIYE:** Island Kado (Islande Cadeau) yon tifi 14 lane mouri nan yon zòn ki rele Kay Etye nan Fon Vèrèt, apre yon jèn gason yo pa rive konnen vyole l epi touye l anba kout wòch. Lapolis rive mete men sou yon sispèk ki rele Michlè. (Sous: GARR)

*Wozilya Franswa*

# Reve yon Ayiti òganize...

*Konbyen konsitwayen ayisyen ki lòt bò dlo k ap tann yon jou pou peyi a chanje; pou gen sekirite, respè dwa moun, ak bon jan kondisyon pou moun viv kòm sa dwa pou yo ka retounen vin travay oubyen investi nan peyi yo.*

Anpil moun ap poze tèt yo kesyon kisa ki fè peyi a se pi mal l ap vin pi mal de jou an jou. Si ou ta reflechi byen ou ka jwenn repons la. Pou moun ki fè etid, yo kapab konprann byen sans òganizasyon nan tout sa moun ap fè, pou yo rive jwenn yon bon rezilta. Lojik sa se pa pale anpil, men se yon kondisyon nou pa dwe manke pou nou rive fè yon bagay byen. Si nou gade byen n ap wè pi gwo mal peyi a se yon pwoblèm òganizasyon, ki jwenn orijin li depi lè lènmi endepandans yo te mete ak ti nèg pou touye Anperè Jan Jak Desalin, pou rev li ak vizyon li pou bout tè sa a. Jouk jounen jodi peyi a tounen yon toupki k ap fè laviwonn dede afòs tout moun pèdi, nou pa konn kote nou prale.

Kesyon òganizasyon se motè nan devlopman yon sosyete. Anpil gran peyi depanse nan fòmasyon gwo tèt pou vin okipe yon seri fonksyon kle pou devlopman peyi yo. Paske, devlopman se rezilta plan ak òganizasyon ki se pi bon baz la. Òganizasyon, vle di chita sou yon pwogram ki byen panse, byen etabli pou rive rezoud yon pwoblèm ki klè nan yon moman ak yon okazyon byen klè. Mo ki pa danse kole ak òganizasyon se dezòganizasyon ki se sinonim ak dezòd, demagoji elatriye. Malerezman nou wè se dezòganizasyon (ki pa òganize) ki jwi premye plas nan ka Ayiti a. Men, kesyon n ap poze tèt nou èske se yon chwa nou fé, oubyen yon kondisyon zansèt nou yo te pran? Yon repons ki difisil pou nou jwenn. An

menm tan tou, èske se pa yon kondisyon nou ka rive soti ladann si toutbon nou gen konsyans ak bon volonte. Pliske tout moun konnen nan sitiyasyon dezòganizasyon sa a, ki move imaj nou montre lòt pèp nan karayib la sitou.

San dout se rezon sa ki fè nan repiblik vwazin nan yo pa pran konpatiyòt nou yo pou anyen, yo touye, maltrete, pimpe, voye tounen lè yo vle. Nan peyi tonton Sam menm lè yo jwenn refijye ayisyen, yo fè yo pran kèk jou prizon anvan yo pimpe yo tounen nan nenpòt ki kondisyon. Jodiya menm, tout anbasad mete gwo mezi anplas pou anpeche ayisyen kite peyi a pa bann ak pa pakèt, afòs pa gen espwa.

Yon lòt bò nan klasman peyi pou zafè koripsyon nan mond la Ayiti pote premye pri, sa ki fè yo bay peyi a pote etikèt yo vle, epi pèsonn pa ka pran defans peyi a, paske tout moun nèt koupab. Sa ki pi rèd, menm yon papye leta siyen ba ou, blan an pa fè l konfyans, pou jan ayisyen maton nan fè rakèt ak fo papye. Kòman ou ta vle konprann pou 2 moun ki marye depi kèk tan al mande viza nan yon anbasad nan peyi a, pou yo mande yo ale fè tèz adeyèn pou yo ka wè si yo pa fanmi; nou ka konprann kote dezòganizasyon mete nou. San bliye valè moun ki pati ak yon diplòm nan men yo lè yo rive blan an di yo pa gen konpetans la vre, paske li pa rekonèt papye yo a.

Sa gen plis pase 20 lane pa gen okenn desizyon leta pran nan peyi a ki respektè: pran lwa sou zafè transpò piblik, kominikasyon, sante, telefòn, dlo, kouran, konstriksyon, sekirite, taks tout kalite, komès, mache elatriye. Otorite leta pase anba pye, tout moun fè sa yo vle lè yo vle, epi pa gen anyen

ki ka rive yo. Lè ou ta gade konpòtman moun nan peyi sa a ou ta di se yon peyi san lwa, ni prensip. Se kòm si chak grenn moun se yon towò.

Degre dezòganizasyon sa mete peyi a nan yon eta kritik, konsekans: tout vil yo tounen pak, paske se fatra ki di ou lonè lè ou ap antre, konstriksyon anachik toupatou, mache enstale nan tout ri, moun fè bezwen yo kote yo vle, manje ap kwit tout bò lari, poutan gen moun k ap touche pou yon seri sèvis nan peyi a, epi yo menm tou ap gade menm jan ak tout moun kòm si yo pa ka fè anyen. Se yon sitiyasyon ki montre aklè degre movèz fwa anpil nan dirijan peyi a. Malgre tout eta peyi a nou wè pa janm manke kandida pou kèlkeswa pòs la nan moman eleksyon, yon rezon anplis pou nou konprann kòman moun yo manfouben nan peyi sa. Sa yo rele lizay ak moral ta sanble pa nan vokabilè anpil nan yo.

Poutan gen anpil konsitwayen ayisyen k ap viv lòt bò dlo ki gen lespwa pou peyi sa chanje pou yo tounen yon jou vin investi byen yo nan kreyasyon travay pou chanje kondisyon lavi anpil moun ki nan mizè. Sitiyasyon sa revòlte konsyans anpil moun, lè nou gade yon seri ti peyi nan karayib la k ap evolye epi k ap fè anpil pwogrè, tandiske Ayiti ki gen plis pase 200 zan istwa nan eta sa. Èske reve yon Ayiti òganize se yon jwèt timoun dòmni reve? Èske nou ta oblije tann blan di toutbon l ap okipe peyi a paske ayisyen pa ka met tèt yo ansanm pou yo chanje peyi a? Nou kwè tout moun nan peyi a viktim nan yon fason oubyen yon lòt nan sitiyasyon dezòganizasyon ki ta dwe kondwi nan yon vrè chanjman. ■

Wadnè Izidò  
Wadneri26@yahoo.fr

## Sesilya di, li pa konte nan fèt 8 mas la

*Yon syèk gen tan pase depi fanm nan tout peyi t ap mennen yon batay pou yo jwi menm dwa ak gason. Nan batay sa yo gen rezilta ki kòmanse jwenn nan kèk peyi. An Ayiti rezilta ki jwenn yo tèlman piti, anpil moun pa fè atansyon ak yo. Sa ta vle di batay la fèk kòmanse an Ayiti. Se pa yon sèl moun ki wè sa, menm Sesilya ki soti Bomon wè pa gen anpil bagay ki fèt, si l ka pale konsa:*

“Mwen se Sesilya Nikanò ki fèt epi grandi Bomon (komin nan depatman Grandans). Mwen genyen 33 zan, men pa sezi si mwen di nou mwen gen 4 pitit. Papa timoun yo vin mouri nan men m anplis pi gran tifi a gen 12 lane, mwen oblije lage yo bay manman m epi mwen antre Pòtoprens pliske kapital la se tankou yon òfelina li ye”.

### Kijan Sesilya ap viv?

“Mwen te fè ladesant kay yon fanmi m. Chak maten mwen leve byen bonè mwen pran lari, m al kanpe bò pakè Petyonvil la, paske yo di se la mwen dwe kanpe, anba bouch koutye yo. Lè mwen bouke mache bò pakè a, mwen vin jwenn yon dam ki mande m pou m travay lakay li pou 1500 goud. Mwen te dakò paske mwen pa t ka rete san mwen pa gen anyen nan menm. Apre twa mwa mwen kite travay la mwen lage kò m nan komès”.

### Sesilya antre tèt li nan komès

“Mwen te kòmanse ak komès la nan premye mache Petyonvil la. Konsa chak fwa mwen jwenn yon moun k ap fè zòn lakay la mwen toujou fè ti pwovizyon voye pou timoun yo ak manman m. Se nan ti komès sa mwen peye lekòl kat timoun yo tou.

Men jounen jodiya majistra Petyonvil la pare yon lòt mache, paske li vle bay Petyonvil yon lòt vizaj. Konsa li mande pou tout moun desann nan lòt mache a. Mwen pa t ap gen pwoblèm pou mwen desann nan lòt mache a paske kote nou chita bò lari a se yon danje pou nou. Gen anpil moun ki mouri la. Men lè ou chita nan mache ki fèk fèt la ou pa vann vre, lèfini lè ou mete machandiz ou nan depo a, yo vòlè l. Tout jan mwen vire mache anba a pa bon pou mwen”.

### Sesilya tounen nan premye mache a

“Mwen tounen monte nan premye mache a. Mezanmi abi sekirite meri yo ap fè fanm, m ap mande èske gen yon ministè k ap defann dwa fanm oubyen dwa fanm ministè a di l ap defann nan, se pa pou fanm tankou nou. Samdi 31 janvyè devan de grenn je m, yon ajan sekirite meri a bay yon fanm ansent yon sèl kout pwèn bò vant, li sot tonbe. Lè

Ajan IDMO (Inite depatmantal pou mete lòd) (UDMO) (Unité Départementale de Maintien d'ordre) vin mande kisa ki gen la paske fi a te tonbe li pa t ka leve, sekirite a di: “Se konsa yo ye depi ou di yo pa vann la, yo pran pòz yo tonbe”. Lè nou menm ki t ap vann bò kote dam nan nou rele doktè, doktè di fòk yo pran timoun nan nan vant madanm nan touswit paske madanm nan an danje”.

### Sesilya di li bouke

“Chak jou ou pa ka konte kantite machandiz sekirite meri sa yo sezi sou tèt moun. Menm granmoun ki gen 60 al 70 ane ap pran kout rigwaz nan men jenn gason. Dimanch 8 fevriye gen yon ajan IDMO ki bay yon fanm de kalòt devan de grenn je m. Gen moun ki chita nan ansyen mache a, ki pa janm pran kou, ki pa janm pèdi anyen. Genyen se kòb yo peye, gen lòt se plase yo oblije plase ak kèk sekirite.

Tout kalamite sa yo n ap pase a mwen pa janm tande yon òganizasyon fanm oubyen ministè k ap defann dwa fanm ki di yon mo. Nou menm, gen lè nou pa konte nan fanm sa yo. Jounen jodiya mwen pa ka fete paske mwen pèdi tout ti machandiz mwen, e se ak yo m ap debat ak timoun yo pou mwen fè levasyon yo”.



**Wozilya Franswa**

## KASAVRI GRAN SAVANN / MONBEN KWOCHI



Sous foto GADRI

GADRI (GADRU) (Groupe Appui au Développement Rural) gen pou objektif bay tout kalite aktivite agwoekolojik k ap fèt nan peyi d Ayiti jarèt. Li prezan nan 9 sou 10 departman nan peyi a. Pou rive reyalize kokenn chenn objektif sa a, Gadri makonnen pwogram agwoekolojik la (bare, grese, kouvri, plante, pran swen ak rekòlte) ak yon pwogram transfòmasyon pwodwi lokal tankou manyòk. Nan sans sa a, Gadri te gentan fè anpil jefò pou amelyore ak transfòme youn nan kilti yo ki se manyòk.

Men kèk rezon ki fè Gadru kòmanse avèk lide transfòmasyon manyòk la:

- Se yon plant ou jwenn prèske toupatou nan peyi a.
- Li pa egzijan pou zafè tè, dlo, pran swen ak rekòlte. Li leve nenpòt ki kote.
- Se yon plant tipik ak tradisyonèl nan peyi d Ayiti.

- Ou kapab fè kasav ak manyòk ki se yon pwodwi ou ka manje nan plas pen ki fèt ak farin frans.

- Manyòk se yon pwodwi ki kapab ranfòse ekonomi lokal ak nasyonal la.

- Melanje ak manba, kasav se yon pwodwi ki gen yon bon valè nitritif pou kò moun.

### Poukisa kèk fanmi agwoekolojik pa vle fè kasav ankò?

Kèk fanmi agwoekolojik deklare fè kasav mande anpil travay ak tan sitou lè se metòd tradisyonèl yo itilize tankou: graje manyòk anba vant, prese manyòk ak bwa epi kwit kasav sou platin sou twa wòch. Metòd sa a gaspiye anpil bwa pou kwit kasav epi fanmi yo pa fè kantite kòb sou kantite ak kalite travay yo fè.

Poutèt sa, gras a sipò ak kolaborasyon CODEART, nan bi pou nou bay ekonomi sosyal zòn nan jarèt, Gadri devlope yon kasavri modèn nan zòn nan. Se yon bon zouti pou amelyore transfòmasyon manyòk nan kominote Gran Savann ak Monben Kwochi. Se nan zòn sa a, Gadri akonpaye yon gwoup fanmi, nan mete sou plas yon kasavri pou devlope ekonomi ak sityasyon sosyal zòn nan.

### Men kisa ou ap jwenn nan nouvo kasavri sa a:

- Yon graj ak yon ti motè ki ka graje yon demi doum plen ak manyòk nan 7 minit e ki pa itilize anpil gaz.
- Yon près ki senp, ki pa mande anpil fòs (fi yo ka prese fasilman) e ki ka prese 5 sak manyòk nan 90 minit.

(509)514-0606

**OU GEN YON IJANS  
OU BEZWEN YON ANBILANS!!  
YON DOKTÈ !!  
TEL INFO**

**\*406 / 2-414-0606 / 2-514-0606  
OU BEZWEN ENFÒMASYON !!  
KI KOTE W AP JWENN PWODI SA  
OUBYEN SÈVIS SAA  
OU BEZWEN KOUNYEYA ?  
TEL INFO  
\*406 / 2-414-0606 / 2-514-0606  
PLIS PASE YON ANYÈ**

## Dosye

• Yon platin ki boule yon ti kantite bwa tankou 17kg bwa pou fè 200 ti kasav. Founo a fèt yon fason pou konsève anpil enèji epi platin nan cho byen vit.

• Kasavri a byen pwòp, gen anpil liyèn, pa gen lafimen pou deranje moun pandan teknisyen yo ap travay.

• Ekip teknik la fè bon ti kasav ki byen sèk. Konsa, kasav yo kapab konsève pandan lontan san yo pa pèdi bon gou yo.

### TANDE! KOUTE BYEN!

Kasavri sa a se premye modèl nan peyi d Ayiti, li fonksyone



Sous foto GADRI

byen. Ekip lokal ansanm ak koperasyon CODEART ap fè ankò lòt jefò pou materyèl yo vin pi anfòm. Nou vle di ou se yon ti antrepriz sosyal ak ekonomik. Se Oganizasyon oubyen gwoup fanmi ki mèt ti antrepriz sa a ki dwe pran swen l.

Gadri ap bay konsèy epi akonpaye enstalisasyon yo nan enstalasyon ti antrepriz yo.

### Men sa ou dwe konnen!

• GADRI vle ankouraje kilti manyòk nan zòn ki gen vokasyon pou sa pandan l ap ankouraje fanmi agwoekolojik yo pwoteje tè yo epi plante pyebwa nan zòn ki degrade yo.

• Nou tout pral kontan depi tout moun nan peyi d Ayiti pwoteje tè a, plante pyebwa ak manje kasav, vant deboutonnen. ■

*Agwonòm Djèf / Monben Kwochi*

## Manifestasyon ak anpil kòlè nan plizyè vil peyi d Ayiti !

Grèv pwofesè lekòl, ki pa touche depi plizyè lane, ap fè nan kèk vil peyi d Ayiti mennen manifestasyon ak anpil kòlè pa bò kote elèv k ap egzije minsitè Edikasyon nasyonal peye anseyan yo pou yo tounen nan sal klas yo.

Sa gen prèske yon mwa depi klas yo san pwofesè nan Gonayiv, Jeremi, Ti Gwav elatriye. Jounen 10 fevriye a, Vil Jeremi t ap ofri yon move espektak kote plizyè elèv lekòl te blese apre yon mouvman twoke kòn ak lapolis.

Elèv lekòl yo t ap manifeste paske leta dwe pwofesè k ap ba yo ti pen lenstriksyon an plizyè mwa e menm plizyè

lane salè. Selon enfòmasyon korespondan laprès lokal yo rapòte, se pandan manifestan yo t ap tante libere ak fòs yon kamarad nan lòt lekòl prive, lapolis te fè entèvansyon l.

Enfòmasyon fè konnen se avèk kout wòch elèv leta yo te akeyi polisye ki t ap vin mete la pè

nan mitan liseyen yo. La polis te itilize menm zam nan tou pou repon manifestan yo ki te konble devan Kolèj Senlwi ak lekòl Kriswa nan Jeremi. Plizyè ekolye te blese.

Pami viktim yo, te gen ki te endispoze aprè ajan lòd yo te lanse gaz lakrimojèn pou yo te

### Sitiyasyon ekonomik pwojè a fòse nou monte pri jounal la yon ti kras depi janvyè 2009

Pri yon jounal pou ane 2009 : si ou vin pran l nan Bon Nouvèl, ou byen si ou achte l nan men yon revandè : 10 goud

#### Pri abònman pou 2009

##### An Ayiti :

1 abònman rive 50 (pou 1 ane ) 100 goud pou chak abònman

51 pou rive 100 abònman : 90 goud pou chak abònman

101 pou rive 250 : 80 goud pou chak abònman

250 pou rive plis : 65 goud pou chak abònman

1 Abònman pa lapòs : Pòtoprens : 250 goud

An pwovens : 300 goud

Pou peyi Etranje : Ozetazini : 1 abònman : 30 \$ US

Ewòp : 1 abònman : 40 \$ US

pran kontwòl sitiwayon an. Paran yo ki te pran nan panik, kouri tribòbabò pou yo t al chache pitit yo.

Jounen vyolans nan Jeremi a vini aprè yon premye mouvman ki te fèt yon jou avan nan Site lèndepandans la, Gonayiv, kote liseyen te sakaje syèj direksyon depatmantal ministè Edikasyon nasyonal ki nan vil la.

Se toujou menm revandikasyon an: Egziye leta peye pwofesè yo. Menm jan nan Jeremi, elèv leta yo vle antrene elèv lekòl prive yo nan mouvman an pou fè otorite pran men yo sou sitiwayon lekòl piblik yo, ki pa travay de pi plis pase 15 jou.

Lese frappe ki te genyen lendi ant liseyen yon kote ak kolejyen yon lòt kote, fè anviwon 12 blese, pami yo 10 elèv lekòl ak 2 polisye ki t ap tante mete ola. Gwo lese frappe yo te mete elèv Lise Fab Nikola Jefra ki te fè youn ak Lise Bisantnè fas pou fas ak kolèj Janjak Desalin, yon etablisman prive. Liseyen yo te fè yon

debakman nan kolèj Janjak Desalin pou lage lekòl la. Pami viktim yo, gen youn elè ki te tèlman blese gravman grav, ki fè reskonsab yo te blije kouri mennen l lopital prese prese.

Gwo kout zam ki t ap tire anlè pa t ka mete dlo nan diven pou kalme elèv sa yo ki t ap moutre ki kote gwo nèg yo rive. Kout wòch, kout boutèy, se de pami zam chak gwoup elèv t ap tire sou lòt. Se nan moman polisye yo t ap tante plase yo nan mitan pou separe batay, de polisye yo te blese. Aprè kout zam, fòs lòd yo te itilize gaz lakrimojèn pou yo te kouri dèyè de gwoup yo ki te an kolè.

Selon enfòmasyon yo, liseyen detwi yon dizèn bisiklèt ki te twouve l sou lakou kolèj Janjak Desalin, pandan yo pote drapo lekòl la ale. Se sa ki te leve plim sou do reskonsab Kolèj Janjak Desalin nan.

Mouvman lese frappe yo vini nan yon moman kote ministè a bay garanti li pral koumanse peye ak

nonmen pwofesè nan lekòl leta yo. Selon gouvènman an, Leta gen 4 000 pwofesè nan lekòl piblik l ap peye e chèk yo pral fèt nan yon tan ki pa twò long. Zotobre yo mande anseyan yo pou reprann chemen klas yo e pèmèt elèv rive boukle pwogram ki te genyen pou lane akademik 2008-2009 la. ■

*Ladenson Flerival*

### Jistis ak Lapè

Nan yon kominike pou laprès Komisyon Jistis Lapè te bay yon rapò soti mwa oktòb rive mwa desanm sou vyolans k ap fèt nan kapital la. Kote li fè konnen nan twa (3) mwa sa yo: Pou pi piti, 54 moun mouri ak bal; 9 mouri ak zam blanch; 25 mouri nan aksidan (sitou machin); 99 (pou pi piti) lè kay lekòl la te tonbe a. Selon sa komisyon an di : l ap tann yon bon dezameman, yon fòs piblik pou asire sekirite moun. dwe gen plis jistis sosyal nan peyi a elatriye.

Wozilya Franswa

### Sitwayènte

Sitwayènte se kalite yon sitwayen, sa vle di rekonesans yon moun genyen pou l jwi tout dwa l kòm sitwayen. Depi ou fèt nan yon peyi, leta peyi sa dwe ou tout papye ki se pyès pou identifye ou kòm sitwayen peyi sa a epi ba ou tout dwa pou jwi ak benefisye tout sèvis endispansab tankou pwoteksyon, sante, nouriti, edikasyon, lwazi, elatriye. Anplis, leta peyi a dwe mete tout mwayen posib, pou ankadre sitwayen yo pou yo pa lage nan delenkans, ni devye pou yo pa fè sosyete a plis mal pase byen. Yon sitwayen tou dwe konnen pou l pran anpil prekosyon pou l pa tonbe anba kontravansyon. Sa vle di yon sitwayen se yon moun ki konn dwa l ak devwa l epi ki mache selon prensip ak lwa peyi li.

Wadnè Izidò

### ESPO - Foutbòl

**Zirik (Zurich):  
yon lanmen rate,  
minis Leskouflè  
(Lescouflair) reyaji.**



Minis Evans Leskouflè  
sous foto: Achiv Bon Nouvèl

29 janvye, nan otèl Waldòf (Waldorf) ki twouve l nan peyi Laswis nan vil Zirik (Zurich) minis espò a Evans Leskouflè te refize pran lanmen nan men prezidan federasyon ayisyèn foutbòl la, doktè Iv Dadou Janba (Yves Dadou Jean Bart). Dapre minis espò a se paske prezidan an te asosye l ak yon gwoup manifestan, li te rele yo teworis.

Minis espò a deklare: li te resevwa yon envitasyon ki te soti bò kote mesye Sèp Blatè (Sepp Blatter), prezidan Fédèrasyon Entènasyonal foutbòl la (FIFA) nan kòmansman mwa desanm 2008 la. Yon envitasyon chita tandè ki te fèt 29 janvye nan otèl Waldòf, kote direktè teknik nasyonal ministè a, Maksim Ogis (Maxime Auguste) te prezan tou. Nan rankont la te gen 2 reprezantan Fifa, M. Benezè (Benezet) ak M. Jewòm Chanpay (Jérôme Champagne), ki te vle pou reyinyon an fèt ak Dadou Janba prezidan federasyon an, yon lide minis la te mete akote. Minis la deklare: li pa bezwen ale Zirik pou l kapab rankontre yon ayisyen lakay li. Sa pa nan prensip li, pou se blan k ap dikte li kijan pou l fè devwa l. Men li te ale kanmenm. Nan chita tandè sa ki te dire senk è. M. Leskouflè di li pa t janmen foure kò l nan zafè federasyon an epi voye jete akizasyon ki fè kwè li te gen wòl



Prezidan federasyon foutbòl la Dadou Janba sous foto: Achiv Bon Nouvèl

pa l nan rapò kou siperyè dèkont, rapò ki te fè kwè genyen gaspiyaj lajan nan federasyon an. Minis la menm kontinye pou l di menm FIFA rekonèt gen bagay ki pa mache byen nan federasyon an.

Minis Lèskouflè egziye pou Prezidan Janba kapab bay yon eskiz piblik pou deklarasyon an, bay yon pwojè ak bidjè klè pou fonksyonman federasyon an, epi bay yon rapò pwòp sou 15 % nan 17.000.000 goud li gen nan men li a. Dapre li menm, se sa k ap bay foutbòl la yon demaraj tounèf. ■

**Jan Kamèl Lano**

### CLAC : Yon sant kiltirèl pou jèn nan Kabarè

Nan visit nou te fè nan Kabarè mwa janvye pase a, nou te rankontre Giyòm Pyè Wonal (Guillaume Pierre Ronald) ki se yonn nan reskonsab sant animasyon kiltirèl Kabarè (CLAC). Yon pwojè ministè

lakilti ak frankofoni te mete sou pye ofisyèlman 18 oktòb 2000 pou yo kapab jwenn lòt talan nan domèn teyat, dans ak animasyon sosyal, paske selon sa Giyòm di nan domèn sila yo atis ki te la deja yo kòmanse twò

granmoun, yo dwe kòmanse prepare lòt jèn pou ranplase yo.

Depi oktòb 2000 rive Desanm 2008, sant la te enskri plis pase 1978 jèn fanm ak jèn gason.

## Paj pou jèn yo

Anndan sant la genyen yon sant dokimantasyon sa vle di yon bibliyotèk ki louvri 2 fwa nan yon jounen 9 è pou midi epi ankò depi bò 3 è pou fèmèn bò 9 è nan aswè, yo genyen tou yon jeneratris, yon pano solè pou fè fas kare ak pwoblèm blakawout ki tabli nan vil la depi de lane.

Selon Giyòm, yo reyalize plizyè aktivite nan plizyè domèn tankou: teyat, konkou pwezi ak tèks elatriye. Toujou dapre Giyòm, pwojè a pa gen objektif

pou fè lajan men, pou bibliyotèk la fonksyone, jèn yo blije peye 10 goud. Li kontinye pou li di : enstitisyon an ede popilasyon an anpil, espesyalman elèv lekòl yo nan zafè rechèch ak devwa. Anplis CLAC pa nan mete moun sou kote, se yon espas pou tout moun evolye nan nenpòt laj, relijyon, pati politik, kategori sosyal elatriye.

Reskonsab Frankofoni an Ayiti a, mesye Pap Dyouf (Pape Diouff) pwomèt pou fè louvri

lòt sant nan lòt depatman anndan peyi a akòz gwo progrè li di ki reyalize nan Kabarè.

CLAC fè yon gwo jefò nan bay kilti ayisyèn nan plis jarèt. Dapre moun nan zòn nan, se yon espas ki kapab ede anpil lide fratènite, tolerans, jistis ak lacharite pran plis fòs nan Kabarè. ■

**Rikado Iliis**

## Tifàn plis Belo, 2 anbasadè pou koz andikape yo



Sous foto: Entènèt

Samdi 3 Fevriye 2009 la se te seremoni prezantasyon Jan Beloni Mira alyas Belo ak Stefani Sejou (Tifane) kòm anbasadè k ap plede kòz andikape yo. Se te okazyon pou sekretè deta doktè Michèl A. Peyan te resevwa nan men **USAID** materyèl pou 900 andikape dekwa pou Sekretèri deta pou entegrasyon moun

andikape yo (Secreterie d'état à l'intégration des personnes Handicapées, SEIPH) kapab pi byen fonksyone epi remèt de atis yo plak donè nan sikonstans la. Anbasadris ameriken nan peyi d Ayiti, Janèt A. Sandèsonn (Janet A. Sanderson), sekretè deta jeneral adjwen òganizasyon leta ameriken yo te patisipe nan gwo randevou sila a.

Belo nan pati mizikal la te chante ak andikape Jan Franswa (Jean Francois), se te



Sous foto: Entènèt

yon okazyon pou Belo te kapab dekouvri talan sila epi pwomèt pou l kapab ba li sipò ki nesesè. Belo te viv moman sa a ak anpil jwa, epi deklare li pra l fè plis jefò pou kategori sosyal sila kapab jwi pi plis dwa nan sosyete a.

Tifàn bò kote pa li te deklare : M wè se moman pou nou pase nan aksyon, nou dwe fini ak tout pale anpil. Atis la kontinye pou l di sa fè yon bon bout tan l ap travay pou koz andikape yo, yon kategori sosyal anpil moun meprize. Li pa t kache jwa l tou nan gwo okazyon sila. Lòt atis ki te la tankou: Loreyat konkou chante 2007 pou moun andikape yo, Mikayèl Lwi epi Rachèl Aleksi te fè piblik la plezi ak bèl vyolon li. Moun ki te la fè konnen aktivite sa ta dwe konsène tout moun ki nan peyi a. ■

**Jan Kamèl Lano**

### Kèvens Prevaris, yon maryaj penti ak angajman sosyal.



Sous foto: Entènèt

Kèvens youn nan manm fondatè “Mouvman Loray”, epi manm aktif “Grennpwonmenen”, pwofite gaye penti a nan anpil zòn nan peyi d Ayiti.

Kèvens Prevaris fèt Lenbe, zòn Nò peyi d Ayiti, 26 Oktòb 19... Tou piti, li kòmanse aprann fè tablo ak Chal Dousè (Charles Doucet). Nan lane 1993, li antre nan Asosyasyon jèn pent Okap

yo (Assosiation des jeunes peintres du Cap, AJAPCAP). An 2000, aprè etid segondè l, pou li konplete fòmasyon l, li antre nan Lekòl nasyonal dèza (ENARTS). Nan lane 2004, li vin fòm ak zanmi-etidyan li yo “Mouvman loray” ki se yon kontribisyon anplis nan sektè penti a. Daprè li, mouvman sila se youn nan satisfaksyon l. Li pote konesans penti bay anpil jèn nan plizyè depatman peyi d Ayiti ak aktivite “Grennpwomennen” an.

Zèv Kèvens yo plis chita sou lamizè, ekoloji, enjistis sosyal. Dapre li menm, penti epi lakilti se yon fòs pou sosyete a, ki kapab pote lespwa pou yon demen miyò. Lide l se pwodwi penti ki kapab dire epi se yon konsèy li bay tout atis parèy li yo. Li konseye atis yo fè bèl zèv malgre pwoblèm. Kèvens ajoute: Vàn

Gòg (Van Gogh), te konn vann tablo li yo pou li te kapab manje, jounen jodi li klase pami atis pent ki pi gran sou tè a. Se la enpòtans tablo ki pa pou yon ti moman an. Se sa k fè, yon jou kanmenm bon tablo yo ap gen pou apresye.

Atis la a pran kèk prim tankou: nan lane 2003, kote li te klase pami 10 premye nan konkou kreyasyon sou tèm eliminasyon dèt peyi tyè mond yo, PAPDA epi ENARTS te òganize.

Dezyèm prim nan se te an 2007, kote li te dezyèm nan konkou Sant karayibeyen pou non vyolans global ak devlopman.

Kèvens deklare li gen anpil lanmou ak pasyon pou sektè a, men li pa kache desepsyon li lè li di : penti ayisyen an fò epi rich anpil, men li manke ankadreman epi moun ou pa ta panse ap kraze sektè a nan rekopye zèv (tablo) pent yo. ■

Jan Kamèl Lano

### Festival entènasyonal djaz, yon randevou mizik anplis nan peyi d Ayiti

24 janvyè 2009, se te jou lansman festival djaz la nan Pak Istorik Kanasik. Kanadyèn Brandi Disteref (Brandy Disterheft) loreyat jèn Grami Awa Kanadyan (Grammy Award Canadian) meyè albòm jazz lane 2008 la te jwe pou ouvri premye sware a. Festival la ta pra l pouswiv ak espayòl Nono Gasya (Nono Garcia) ak gwoup li. Epi, Bouyou Anbwaz (Bouyou Anbroise), pitit tè d Ayiti, ak

gwoup li Blues In Red Band te bay plizyè mizik nan okazyon sila.

25 Janvyè, festival la ta pral kontinye yon lòt fwa ankò nan Pak Istorik Kanasik ak triyo Swis la «**TRE**». Gwoup TRE te bay espektatè yo kèk moso mizik. Apre sa Rejinal Polika yon atis ki gen gwo repitasyon nan mizik la te bay patisipasyon li. Moun yo pa te kache satisfaksyon yo apre sware sila.

Kòm sa a abitye fèt, Enstiti Fransè Pòtoprens te louvri pòt li gratis pou l te akeyi 27 Janvyè Alvin Atkenson ak gwoup li The Soud Merchant. Pita, se te moman pou Rejinal Polika te bay mizik li te prepare yo.

29 ak 30 janvyè anba Kyòs Oksid Janti (Occide Jeanty), festival la ta pra l kontinye ak Medi Gèvil (Meddi Gervil) ak Bitova Oba (Beethova Obas). ■

Jan Kamèl Lano

## Yon Bon Fanm

*Depre Djonpsonn se yon powèt, dizè, etidyan nan fakilte Monkamel d Ayiti nan syans Jiridik. Li fè etid primè l nan lekòl Yave Nissi(Yaveh Nissi). Li fè etid sekondè l nan(ENAM) Ekòl Nasyonal Dèza ak metye, se pè Don Bosko yo k ap dirije l. Li fini lekòl segondè li nan lise Nasyonal Petyonvil.*



sous foto : Achiv  
Bon Nouvèl

*Li kòmanse ap ekri nan lane 2000 men se an 2006 moun kòmanse ap apresye zèv li yo apre li te fin patisipe nan yon konkou Telemaks (Telemax) fè chak 14 fevriye, ki rele “Mwen renmen ou nan chokola”(Je t’aime au chocolat), kote li te rive dezyèm. Yon dezyèm fwa nan yon konkou radyo Twopik FM t ap òganize nan 2008, ki te gen pou tèm “Desalin Legran 17 oktòb 2008”, li te katriyèm. L ap travay sou yon pwojè pou l soti yon rekèy pwezi nan liv an foli 2009. Li se yon jèn dinamik, pozitif li renmen deklame anpil. li gen kòm modèl: Frank Etyèn, Dominik Batravil. Depre te deside ekri powèm sa a pou onore fanm yo nan okazyon fèt yo ki se 8 mas.*

Yon bon fanm  
Toujou pote flann  
Lespwa nan nanm  
Menm si la mizè ap voye gwo kout lanm  
Li p ap ret kouche nan chanm  
Lonje sou kabann pou l ap di ban m  
Li pito al vann vyann, lote yanm  
Pwonmennen chanchanm  
Menm si tout dèyè talon pye l fann  
respekte l  
Paske l se fanm  
Tout jouman se pou fanm  
Yo rele yo pèlen lyann  
Men si fanm te pèlen lyann  
Yon jèn gason pa t ap blije kite paran l  
Pou l al atache ak yon fanm  
Jis pou l fè yon sèl nanm  
Wa Salomon ki se te yon gason djanm  
Di s ak pi rèd pase lanmò se fanm  
Poutan li sèl te gen mil fanm  
Pa matirize fanm pa fè yo tann  
Jouk yo tounen pratann  
Bon tout jounen yo ap bat fanm  
Epi si ou wè bouch yo nan manje fanm  
Se yanyan m  
M ap di ou sa nèg an m

Yon nèg ki leve men l sou fanm  
Pa ka di l respekte manman l  
Ni l se yon gason djanm  
Sèl sa m ka di li se yon nèg engann  
Yo ta dwe fè l peye amann kòm sanginè  
nan savann  
Epi si ou wè figi yo devan pè ak pastè  
O m kite paran m pou m genyen ou sèl  
kòm fanm  
M ap pran san m, pou m di ou sa ak tout  
32 dan m  
Yon kay ki san fanm pa ka gen man m  
Paske fanm se fanm  
E fanm toujou ban m dousè ran m



sous foto : Achiv Bon Nouvèl



## Pawòl Bondye, yon pwojè pou lavi

### Bondye ba nou misyon pou n swen tè a



Zanmi Lekti kominotè Bib la, ekip REBA a kontan pou kontinye ak nou sijè refleksyon sou Bib la ak Anviwònman an. Nou deja wè de tè, se twazyèm nan n ap wè jodiya: **Bondye Ban nou Misyon pou nou pran swen tè a.**

Pa bliye gran tè nan se :

**“Pwoteje anviwònman an se pwoteje Lavi”**

#### 1. Akèy :

*N ap toujou kenbe menm chema pou selebrasyon nou yo. N ap prepare anbyans pou reyinyon an, n ap fè akèy, di Bonjou mèsè epi n ap fè moun yo sonje sa nou te wè nan de premye jou yo, epi n ap pataje nouvèl.*

#### 2. Bondye pale nan lavi nou

**A. Senbòl :** Fè yon mim; peyizan k ap plante, k ap fè mi sèk k ap wouze...

Poze kesyon pou n chèche konprann yo.  
Chante im nasyonal la.



#### **POU AYITI**

**O non zansèt yo**

**Se pou n sekle**

**Se pou n plante**

**Se nan tè tout fòs nou chita**

**Se li k ban nou manje**

**An n bite tè an n voye wou**

**Ak kè kontan fòk tè a bay**

**Sekle, wouze, fi kou gason**

**Pou n rive viv ak sèl fòs ponyèt nou**

**B) Nou ka chèche kèk pwovèb ki marye ak tè nan tankou :**

-Pit kou mawo, zannanna kou pengwen

-Plant ki plante nan bon dekou pa janm pèdi nè

-Wozo pliye men li pa kase

Sa pwovèb sa yo vle di pou nou, kisa ki ankourajan ladan yo? Kisa ki pa ankourajan tou.

#### **Chante : Lè l a libere Ayiti va bèl**

#### 3. Bondye pale nan bib la:

##### **Lekti : Women 8, 19- 22**

-Kisa nou sot tande la ? Sou kisa li pale?

-Kisa pawòl sa a vle di?

-Se apot Pòl ki ekri lèt pou Women yo. Pandan li t ap reflechi sou sitiyasyon moun ki nan gwo soufrans, li dekouvri se pa sèlman moun ki souffri, men lanati a souffri tou.

-Eske nou wè lanati souffri menm jan ak moun yo?

-Kouman nou wè sa? Site kèk nan soufrans lanati genyen.

-Ki moun ki reskonsab lanati ap souffri tankou yon fanm ki gen doulè tranche?

-Ki delivrans lanati ap tann?

-Ki moun ki ka bay lanati delivrans?

Jounen jodiya an n reflechi sou anviwònman pa nou: ki kalite anviwònman nou genyen? Kisa ki lakòz li konsa? Kisa l ap tann nan men nou.

#### 4. An n kalkile sou pawòl la

*Pou nou antre pi fon nan pawòl Bondye a:*

Frè ak sè n yo, nou bezwen pran konsyans. Anviwònman peyi nou an fin detwi nè. Pyebwa yo fin koupe, tè yo fin glise ale nan lanmè, matyè

## Chandèl limen

plastik plen ravin, rigòl ak rivyè nou yo. (Gade Bwadchenn...) Nou bezwen rebwazman nan peyi a, rebwazman mòn yo, pwoteksyon lanati, plantasyon pyebwa tout kote pou pwoteje krèm tè yo, pou konbat ewozyon ak plantasyon pyebwa ki pwodui fwi. Nou bezwen netwaye ravin nou yo, elimine tout kalite fatra pwazon tankou plastik k ap detwi tè a. (Plastik pa pouri nan tè)

Nan tan lontan Ayiti se te yon paradi, men kounyeya li sou wout pou tounen lanfè. Eske nou dwe rete de bra kwaze? Ki misyon nou genyen kòm kretyen devan mèvèy sa a Bondye te kreye a ?

-Ki limyè nou jwenn jounen jodiya pou lavi nou?  
-Ki travay nou dwe fè pou n transfòme lakay nou?

### 5. An n lapriyè sou pawòl la

Kèk moun ki dispoze kapab fè yon lapriyè pou mande Bondye fòs ak kouraj pou l ede nou refè lanati a.

**Priyè : Papa nou ki nan syèl la**

**Yon chan mèsi osinon lapè**



*Jounal Bon Nouvèl koube l byen ba pou l eskize l devan fanatik yo pou kalite ak kantite erè ki te pase nan mwa ki te pase yo. Epi li pwomèt l ap fè tout sa k posib pou l pa rekòmanse ankò. Jounal la konte sou bon konprann tout moun. Men nan men, n ap kontinye fè pwomosyon pou lang kreyòl la rive jwenn vrè plas li nan sosyete a.*

Redaksyon an

## Lekti Labib pou mwa Avril 2009

### Dimanch 5 Avril Dimanch Ramo

1. Mak 11, 1-10 oubyen  
Jan 12, 12-16

#### Aprè posesyon

1. Izayi 50, 4-7  
2. Filip 2, 6-11  
3. Mak 14, 1- 15; 47

### Jedi Sen

1. Izayi 52, 13-53; 12  
2. Korentyen 11, 23-26  
3. Jan 13, 1-15

### Vandredi Sen

1. Izayi 52, 13-53; 12  
2. Ebre 4, 14 -16  
e 5,7-9  
3. Jan 18, 1- 19; 42

### Samdi Sen (Veye fèt Pak la)

1. Jenèz 1, 1-2; 2  
2. Jenèz 22, 1-13;  
15-18  
3. Egzòd 14, 15-15,1  
4. Izayi 54, 5-14  
5. Izayi 55, 1-11

6. Bawouk 3, 9-15;  
32-4,4  
7. Ezekryèl 36, 16-28

### Mès minwi

1. Wòm 6, 3- 11  
2. Matye 28, 1-10

### Dimanch 12 Avril Dimanch Pak

1- Liv travay apot yo:  
10, 34-43  
2- Kolòs 3, 1- 4 oubyen  
Korentyen 5, 6-8  
3- Jan 20, 1-9

### Dimanch 19 Avril 2èm Dimanch Pak

1. Liv travay apot yo:  
4, 32-25  
2. 1 jan 5, 1-6  
3. Jan 20, 19-31

### Dimanch 26 Avril 3èm Dimanch Pak

1. Liv travay apot yo:  
3,13-19  
2. 1 Jan2, 1-5  
3- Lik 24, 35-48



Flerèt Matye

## Blag

Jak, ki sot fè yon bon ti tan lòtbò dlo, kontre ak yon zanmi li. Li mande li:

- Poukisa ou pa janm marye?
- Monchè, mwen t ap chache yon fi ki san defo.
- Ou pa janm jwenn li?
- Wi mwen jwenn li.
- Poukisa ou pa marye avèk li
- Li pa t vle. Bò kote pa l, li t ap chache yon gason ki san defo

Anri Estevenson (Henry Stevenson)



mo kwaze mwa pase a

*N ap eskize nou devan lektè nou yo deske mo kwaze mwa pase a te gen erè ladann li. Se enprimri a ki te fè chanjman nan prezantasyon jwèt la. Poutèt sa nou retounen ak menm mo kwaze a nan mwa sa a.*

## Mo Kwaze

### Pran agòch ale adwat

1. Boutèy ki gen kou laj
2. Enstriman mizik - Nwa yo fè manba ak li
3. Gazolin - Likid ki soti nan bouch
4. Pwonon fransè - Bèt ki genyen l pa janbe dife - Youn alafwa
5. Pati liberal (abreviyasyon) - Pyès tou piti nan òdinatè
6. Demach pou abòde yon kesyon - 10 x 100
7. Vil nan sid
8. Twal pou siye
9. Kasyon dekore nan kanaval - Remèd fèy - Femèl moun
10. Ki koute anpil kòb - Jeneral lame ki fè koudeta sou Aristid

### Pran anwo desann anba

1. Vye machin oubyen kapital peyi kolonbi
2. Pati nan kò yon moun - Moun ki pre fanmi ou
3. Vin pi pre
4. Mo daksyon oksilyè - Malere ki dòmi anba pon nan vil Pari
5. Bwason ki fèt ak alkòl - pa frèt ditou
6. Kategori senyò nan espò (abreviyasyon) - Se priye 2 fwa
7. Mak - Konkou
8. Fwi
9. Pati yon liv - Katriyèm nèt mizik
10. Mòd peye san kòb - Selebrasyon ki ranplase lanmès lè pa gen pè



	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1						■	■		■	
2			■							
3				■						
4			■		■					
5		■			■					■
6							■			
7	■									
8							■		■	
9	■				■			■		
10				■						

Jan Fanaspò



Bon  
Journal  
Nouvèl

103, Ri Pave  
B.P. 19252  
HT-6112  
Pòtoprens, Ayiti

Tel: 223-9186 ak 510-4477  
bonnouvèl@yahoo.com

ISSN 1606-660X

### Pwojè "Bon Nouvèl"

**Sipèvizyon:** Pè Gi Vandekandelare - Pè Lik Devègle  
**Dirèksyon:** Pè Jan Out  
**Redaksyon:** Wozilya Franswa.  
**Dokimantasyon:** Wozilya Franswa  
**Sekretarya ak Pwomosyon:** Flerèt Matye  
**Distribisyon:** Jan Deni Tanis - Wilga Belanj  
**Administrasyon:** Wilga Belanj  
**Antretyen:** Yolèn Chal